

## Èske Tribinal ki la la pou Regle Kesyon Konsènan Ti Reklamasyon Piti yo Bon pou Wou?

- Li fasil epi li rapid pou Tribinal ki la pou Regle Kesyon Ti Reklamasyon Piti yo ede moun rezoud pwoblèm ki pa depase \$5,000 san yo pa bezwen pou yon avoka akonpaye yo nan tribinal.
- Men ki jan de pwoblèm ou gen tandans jwenn nan jan de Tribinal sa yo:
  - ▶ Salè travay ke yo pa peye w;
  - ▶ Dega yon aksidan machin koze;
  - ▶ Pwoblèm lajan ant mèt ka ak lokatè;
  - ▶ Pwoblèm reparasyon machin.

## Kisa Seyans Enfòmasyon sou Tribinal ki la pou Regle Koz pou Ti Reklamasyon Piti yo Ye?

Nan Seyans Enfòmasyon sou Tribinal ki la pou Regle Koz pou Ti Reklamasyon Piti yo, avoka prive bay konsèy legal gratis a moun ki vle pote oswa defann yon ka parèy nan tribinal. Seyans enfòmasyon sa fèt chak dezyèm ak katyèm jedi chak mwa a apti 5:00 pm rive pou 8:00 pm nan biwo Legal Services of Greater Miami, Inc. ki nan 3000 Biscayne Boulevard, Suite 500, Miami. Se sou randevou sèlman ke nou wè tout kliyan yo.

## Kijan Pou Mwen Jwenn Yon Randevou Pou Mwen Patisipe nan Seyans Enfòmasyon sa a?

- Yo kòmanse fikse randevou depi nan vandredi maten apre chak seyans pou pwochèn seyans nan. Yo ba w yon randevou pou w vin nan seyans, men yo pa ba w yon lè fiks. Randevou yo limite, kidonk ou gen enterè pou w anrejistre osito posib.
- Pou w pran yon randevou, rele 305-576-0080 epi peze "0". Epi ou kapab ale nan biwo Legal Services of Greater Miami, Inc. ki nan 3000 Biscayne Boulevard, Suite 500. Di resepsyonis la ke ou vle pran yon randevou pou pwochèn Seyans Enfòmasyon sou Tribinal ki la pou Regle Koz pou Ti Reklamasyon Piti yo.
- Lè ou fin gen randevou ou a, vini nan 3000 Biscayne Boulevard, Suite 500 a 5:00 p.m. nan dat randevou ou a. Lè sa lè ou parèt yo va mande w pou w ekri non w. Se nan lòd ou vini an ke avoka prive yo ap resevwa w. Nòmalman, tout mou ap gentan pase avan 8 :00 p.m.

- Si w pa an mezi vini nan randevou ou a, rele Paralegal la nan 305-438-2539 pou w anile randevou ou a. Sa enpòtan pou nou kapab ba yon lòt moun randevou pa w la.

## Kisa Avoka Yo Fè Pandan Seyans Enfòmasyon an?

- Yo rankontre avè w pandan 15 minit apeprè pou yo pale de ka ou a, epi pou yo ede w deside si ou dwe ale nan Tribinal ki la pou Regle Koz pou Ti Reklamasyon Piti yo.
- Yo ba w enfòmasyon sou pwosesis Tribinal ki la pou Regle Koz pou Ti Reklamasyon Piti yo.
- Yo di w kijan pou w ranpli fòm legal ak papye tribinal yo.
- Yo Montre w kijan pou w prezante prèv ou genyen yo nan Tribinal la ak kijan pou w pwouve ka ou a.
- Yo pale de fason ki posib pou w jwenn yon antant nan ka ou a.

## Kisa Avoka yo Pa Fè Pandan Seyans Enfòmasyon an?

- Avoka yo pa ranpli ankenn fòmilè oswa dokiman pou wou. Ou dwe fè sa ou menm.
- Avoka yo pa ale nan Tribinal la avèk ou pou li reprezante w nan odyans ou a. Si w deside ke ou vle pou yon avoka ale nan tribinal avèk ou, tanpri tcheke Paj Jon Anyè Telefonik yo ([yellowpages.com](http://yellowpages.com)) pou w jwenn yon avoka nan zòn ou rete a. Si w pa fè anpil kòb, mande avoka a si li kapab chaje w yon pri ki ba.
- Avoka yo pa ekri oswa pale ak lòt pati a pou ede w jwenn yon antant nan ka ou a.
- Avoka yo pa bay ankenn lòt sèvis legal anplis de konsèy yo ba w nan randevou ou a.



## Orè Seyans Enfòmasyon sou Tribinal ki la pou Regle Koz pou Ti Reklamasyon Piti yo pou Ane 2015 la

### JEDI

- 08 ak 22 janvyè
- 12 ak 26 fevriye
- 12 ak 26 mas
- 09 ak 23 avril
- 14 ak 28 me
- 10 ak 24 septanm
- 08 ak 22 oktòb
- 12 novanm
- 10 desanm

Avi: Si se sèlman fòmilè ou bezwen pran pou w ale depoze pou pwose nan Tribinal pou yon Ti Reklamasyon ke ou Genyen ou ta dwe ale dirèteman nan Biwo Konmi a nan nenpòt tribinal Konte a epi a mande yo pou Pakè Pou Pwose Pou Ti Reklamasyon Piti yo.

## SEYANS ENFÒMASYON POU MOUN K AP FÈ TI REKLAMASYON PITI NAN TRIBINAL

### PANDAN ANE 2015 LA



A Joint Project of  
Legal Services of Greater Miami, Inc.,  
The Put Something Back Project,  
and  
The Young Lawyers Section of the Dade  
County Bar Association

3000 Biscayne Boulevard, #500  
Miami, FL 33137

**305-576-0080**